(43 урок)

Ирон æвзаджы урок 3-æм къласы.

Урочы темæ: «Хъуыдыйад.»

Урочы нысантæ: 1) сбæрæг кæнын,хъуыдыйады тыххæй цы зонындзинæдтæ райстой,уый,

2) сыгъдæг æмæ раст фыссыны навыктыл кусын,

3) сывæллæттæм цымыдисдзинад æвзæрын кæнын ахуырмæ,зонындзинæдтæ исынмæ.

Дзырдуатон куыст бакæнын: цъititæ ,фæлгъуызтæ,хурæнгас.

Ирыстоны æрдз.

Цæгат Ирыстоны æрдз у тынг рæсугъд. Йæ алыварс бæрзонд фæцыдысты æнусон хæхтæ. Цъитиджын хæхтæй гуырынц нæ цæугæдæттæ. Цæхæртæ калынц ихджын суадæттæ. Хæхты цъæх дæлвæзтæ бæлццæтты дисы æфтауынц .

Кæмтты згъорынц нæргæ хæххон дæттæ. Тызмæг Терк уыцы рæсугъддзинадмæ бахæссы йæхи фæлгъуызтæ. Алы сæрд дæр ацы диссаджы бынæттæ байдзаг вæййынц адæмæй.

Стырæй, чысылæй ардæм цæуынц сæ фæлладуадзынмæ.

Афтæ цæры абон нæ хæххон хурæнгас бæстæ.

(61 дзырды)

Хæслæвæрдтæ:

1.Æртыккаг æмæ фæстаг хъуыдыйæдты ссарын сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ, сæ быны сын бахахх кæнын.

2. Сæрмагонд номдартæ ссарын тексты æмæ сæ рафыссын.